# BANK SOAL KITA
# UH 1 SEMESTER 1 KELAS V
# MAPEL Bahasa Jawa

-

Wacanen kanthi permati!

**Nonton Wayang**

Jam setengah sanga bengi gamelan wiwit talu. Swarane gamelan rampak runtuut amarga sing nabuh niyagane mumpuni. Bengi iku para niyaga nganggo blangkon lan beskap sragam. Warangganane ana papat kabeh ayu-ayu tur swarane becik-becik.

Jam sanga bengi swarane gamelan suwuk. Ki dhalang wiwit manggung, katon mrabawani. Ki Dhalang pancen wis kondhang amarga antawecanane pantes, swarane bergas, nguwasani gedhung, tur pinter mbanyol.

Bengi iku lakone laire Gathotkaca. Critane mangkene. Nalika bayi pusere Gathotkaca ora isa dikethok nganggo gaman apa wae. Permadi pamane Gathotkaca banjur ngampil gaman kedhewatan kanga ran Kunta Jayadanu. Emane mung oleh warangkane awit gamane dhewe kleru diwenehake Surya Putra. Saka keparenge Dewa, senajan mung awujud warangka nanging bisa kanggo ngethok pusere Gathotkaca.

Sawise pusere bisa dikethok Gathotkaca di jedi ana kawah Candradimuka dening dewa. Panjedhine diwori saliringgegaman, mula Gathotkaca dadi otot kawat balung wesi, sekti mandraguna.

***I. Wenehana tandha ping (x) ing aksara a, b, c utawa d kang dadi wangsulan kang paling bener!***

1. Irah-irahan wacan ing dhuwur yaiku ….
   a. nonton sirkus
   b. nonton jaranan
   c. nonton wayang
   d. nonton pasar malem
2. Wong sing pegaweyane nabuh gamelan arane ….
   a. niyaga
   b. wiraswara
   c. waranggana
   d. wirapradangga
3. Lakone wayang bengi iku yaiku ….
   a. Laire Wisanggeni
   b. Laire Gathotkaca
   c. Laire Abimanyu
   d.. Laire Bima
4. Pamane Gatjotkaca kang ngampil gaman kadhewatan yaiku ….
   a. Nakula
   b. Sadewa
   c. Setyaki
   d. Harjuna
5. Karana panjedhine diwori saliring gaman mula candrane Gathotkaca ….
   a. otot kawat balung wesi
   b. otot wesi balung kawat
   c. otot waja balung wesi
   d. otot wesi balung waja
6. Garwane Prabu Rama aran dewi ….
   a. Madrim
   b. Shinta
   c. Kunthi
   d. Arimbi
7. Perang antarane Sugriwa karo Suballi diarani ….
   a. ribet
   b. riwet
   c. ruwet
   d. ruket
8. Ngarang uga diarani ….
   a. nulis buku
   b. ngarang buku
   c. nggambar buku
   d. nulis kaligrafi
9. Adhine Rahwana jenenge ….
   a. Karna
   b. Kumbakarna
   c.. Kresna
   d. Rama wijaya
10. Aku (maca) laying kanggo simbah. Tembung maca kang bener yaiku ….
    a. macake
    b. macakkna
    c. macaken
    d. macakake
11. Aja mung sedhela, mampirmu sing ….
    a. suwe
    b. cepet
    c. wengi
    d. kesuwen
12. Satriya Pandhawa iku turning Prabu ….
    a. Kresna
    b. Dasamuka
    c. Pandhu
    d. Rama
13. Jenenge manuk mitrane Dasarata yaiku ….
    a. Jatayu
    b. Sugriwa
    c. Suballi
    d. wanara
14. Pak guru … supaya bocah-bocah tuku buku
    a. akon
    b. ngakon
    c. dhawuh
    d. ngekon
15. Aja encer-encer bubure, sing rada ….
    a. kenthel
    b. encer
    c. legi
    d. lumer

***II. Gathukna wangsulan ing sisih kiwa nganggo cara nulis aksarane ana ing njero kurung sing kog anggep bener!***

| | | | |
|---|---|---|---|
| 16. | Aja rame-rame simbah lagi | (…) | a. Rahwana |
| 17. | Raja Alengka | (…) | b. lima |
| 18. | Abot … ditandangi bareng-bareng | (…) | c. ukara prentah |
| 19. | Pandhawa | (…) | d. papat |
| 20. | Satriya Madukara | (…) | e. entheng |
| | | | f. Janaka |
| | | | g. Bisma |

***III. Isenana titik-titik ing ngisor iki nganggo tembung kang mathuk!***

21. Panahe Prabu Rama arane ….
22. Utusane Prabu Rama nggoleki Dewi Shinta yaiku ….
23. Dewi Shinta dipingit ana ….
24. Supaya bisa ngarang sing apik kang perlu digatekake yaiku nemtokake ….
25. Nis, tulung (gawa) bukuku sing akeh iki. Tembung gawa kang bener yaiku ….
26. Ibu ngakon sinau Anisah. Basa kramane sing bener yaiku ….
27. Aja lirih-lirih ngomongmu sing ….
28. Ramane para Pandhawa yaiku ….
29. Kang nglakokake wayang diarani ….

30. Gathotkaca satriya ing ….

# BANK SOAL KITA
# UH 2 SEMESTER 1 KELAS V
# MAPEL Bahasa Jawa

**Wacanen kanthi permati!**

**Lelara Sawise Banjir**

Saben tahun ana usum udan. Yen udane deres banget lan terus-terusan ndadekake banjir. Sawise banjir temahan nukulake lelara. Lelara ing mangsa rendheng yaiku rupa-rupa, kayata pileg, watuk, gatel-gatel, lara weteng, malah kepara ana lara demem berdarah.

Nganti saiki during ana obat kang bisa brantas demam berdarah. Sebab during ditemokake vaksin, lamun ana cara kanggo nanggulangi lara demam berdarah iku kanthi kegiyatan 3M, yaiku Menutup, Menguras, dan Mengubur. Menutup tegese nutupi wadhah kang kanggo nyimpen banyu aja nganti dileboni nyamuk. Menguras tegese sregep nguras jamban lan kolah apese seminggu sepisan. Mengubur tegese mendhem kaleng-kaleng lan plastic-plastik ing lemah.

Kajaba saka iku yen ana banyu kang ngecembeng ing gegodhongan lan ing panggonan liyane, kudu enggal diresiki. Wose kudu resikan supaya endhoge nyamuk, anake nyamuk lan nyamuke padha musna.

***I. Wenehana tandha ping (x) ingaksara a, b, c utawa d kang dadi wangsulan kang paling bener!***

1. Yen udane deres lan terus-terusan bakale ana ….
   a. longsor c. lelara
   b. banjir d. udan
2. Kegiyatan Menutup, Menguras lan Mengubur diarani kegiyatan ….
   a. 1 M c. 3 M
   b. 2 M d. 4 M
3. Sregep nguras jamban lan kolah apese seminggu sepisan diarani kegiyatan ….
   a. Menguras c. mengubur
   b. menutup d. menata
4. Sarifah kae bocah kang rai gedheg. Tembung ***rai gedheg*** tegese ….
   a. duwe isin c. ora duwe isin
   b. isinan d. raine kaya gedheg
5. Pak Hanafi pancen priyayi kang sugih pangapura. Sugeh pangapura paribasane ….
   a. jembar segarane c. dawa tangane
   b. dawa ususe d. lunyu ilate
6. Kanggo nanggulangi banjir menawa mbuwang sampah ana ing ….
   a. kalenan c. panggonan sampah
   b. kali d. sembarang
7. Rama, sudarma, sudarmi, yayah, iku dasanamane ….
   a. anak c. ibu
   b. bapak d. simbah
8. Dadi anak mono aja seneng … kupingewong tuwa
   a. mbolongake c. ngirengake
   b. njepipingake d. ngabangake
9. ke ku f n z- yen ditulis latin yaiku ….
   a. kekudangan c. kudangana
   b. kukudangan d. kudangan
10. Sepedha montor mlakune luwih … tinimbang pit onthel
    a. alon c. suwe
    b. banter d. rendhet
11. Gathotkaca winisuda dadi senapati Pandhawa. Tembung winisuda tegese ….
    a. ditetepake c. dijaluk
    b. dikongkon d. dipeksa
12. Pengetan dina Pahlawan iku saben tanggal ….
    a. 10 April c. 10 Nopember
    b. 10 Mei d. 10 Oktober
13. Upacara dina Pahlawan iku dianakake kanggo ….
    a. ngeling-eling labuh labete para pahlawan
    b. ngregengake dina pahlawan
    c. ngganepi programe pamarentah
    d. nglatih anak supaya bisa upacar
14. Watak gumedhe iku watak kang ….
    a. luhur c. ala
    b. becik d. prayoga
15. Perang baratayuda iku ngrebutake Negara ….
    a. Amarta c. Wiratha
    b. Astina d. Pringgondani

***II. Gathukna wangsulan ing sisih kiwa nganggo cara nulis aksarane ana ing njero kurung sing kog anggep bener!***

| | | |
|---|---|---|
| 16. Perange Pandhawa lan Kurawa | (…) | a. Gathotkaca |
| 17. Sing bisa mabur ing antariksa | (…) | b. 21 April |
| 18. Miyose Raden Ajeng Kartini | (…) | c. Birawa |
| 19. Kumpulane laying R.A. Kartini | (…) | d. Baratayuda |
| 20. Jenenge liya Harjuna | (…) | e. Permadi |
| | | f. Antasena |
| | | g. Habis Gelap Terbitlah Terang |

***III. Isenana titik-titik ing ngisor iki nganggo tembung kang mathuk!***

21. Arifah kuwi pancen bocah sing entheng tangane, saben diwenehi gawean mesthi rampung. Entheng tangane tegese ….
22. Bocah iku lunyu ilate. Lunyu ilate tegese ….
23. Saben tanggal 2 Mei dipengeti minangka dina ….
24. a [fo le z yen ditulis latin yaiku ….
25. R.A. Kartini iku pahlawan pejuang ….
26. Alat elektronik kang bisa ngetokake swara wae yaiku ….
27. Rawe-rawe rantas, malang-malang ….
28. Presiden Indonesia kang kaping pisan yaiku ….

29. Kutha Surabaya kawentar minangka kutha …. 30.

Ki Hajar Dewantara misuwur minangka Pahlawan Pergerakan Nasional. Tembung misuwur tegese ….

# BANK SOAL KITA
# UH 3 SEMESTER 1 KELAS V
# MAPEL Bahasa Jawa

-

Wacanen kanthi permati!

**Sumpah Pemuda**

Saben tanggal 28 Oktober bangsa Indonesia mengeti dina Sumpah Pemuda. Dina iku mujudake dina kang ngemu wigati. Apa wigatine? Dhek tanggal 28 Oktober 1928 para wakile pemuda saindenge bumi Nuswantara pada ana ing Jakarta. Konggres nyawijekake tekad kanthi sesanti "Satu Nusa Satu Bangsa lan menjunjung Bahasa Indonesia". Sarana tekad kasebut bisa luwih manunggal kanggo nggayuh kamardikaning bangsa.

Wujuding tekad iku mracihna yen manunggal iku pancen perlu, ana crah sing agawe bubrah kudu disingkiri. Manunggal karep wis kudu tetenger ing bangsa. Gregeting para muda bisa nggugah bangsa tumuju merdika.

PengetanSumpah Pemuda ing saben tahun iku minangka pepeling tumrap para muda sing wis wani njenggelek tangi. Mengkono uga tumrap para muda ing jaman saiki bisa nulat lan marisi greget perjuangane para muda ing taun 1928-an. Kanthi mangkono laku jantraning sejarah ora bakal pedhot. Sing cinithak ing angen-angene para muda taun 1928-an bisa mulus, murub ing dhadhane para muda sakabehe.

***I. wenehana tandha ping (x) ing aksara a, b, c utwa d kang dadi wangsulan kang kok anggep paling bener!***

1. Kedadeyan Sumpah Pemuda ana ing ….
   a. Surakarta c. jakarta
   b. Jambi d. Surabaya
2. Saben tanggal 28 Oktober bangsas Indonesia mengeti dina ….
   a. Karang Taruna c. Sumpah Palapa
   b. Sumpah Pemuda d. Proklamasi
3. Sing nganakake Sumpah Pemuda yaiku ….
   a. Para Mudha c. para ibu
   b. para santri d. para tani
4. … Jenenge kancamu sing mrene wingi kae, Ton?
   a. pira c. apa
   b. kapan d. sapa
5. … carane ngingu pitik kareben cepet gedhe?
   a. kepriye c. pira
   b. ngapa d. sapa
6. Kedadeyan kang nyenengake yaiku ….
   a. nunggak kelas c. tiba
   b. diseneni d. juara kelas
7. Sapa kang lagi turu ana kamar kuwi? Ukara iku kalebu ukara ….
   a. pakon c. pitakon
   b. tanggap d. tanduk

9. Rif (jupuk) Koran kuwi? Tembung jupuk sing bener yaiku ….
   a. jupuke c. kok jupuk
   b. dijupuk d. jupukna
11. Dasamuka duwe watak kang ….
   a. wicaksana c. angkara murka
   b. alus budine d. sabar
12. Ris (jumput) kertas kuwi! Tembung jumput sing bener yaiku ….
   a. jumputana c. jumputi
   b. jumputen d. jumputake
13. Ngresiki pusaka uga diarani ….
   a. jumasan c. jamasan
   b. jimasan d. jumatan
14. Lemut demam berdarah arane ….
   a. aides c. aides ajibti
   b. aides aygepti d. nyamuk malaria

***II. Gathukna wangsulan ing sisih kiwa nganggo cara nulis aksarane ana ing njero kurung sing kog anggep bener!***

| | | | |
|---|---|---|---|
| 16. | Jupuk + na | (…) | a. banjir |
| 17. | Mbuwang uwuh sakenggon-enggon | (…) | b. rendheng |
| 18. | Mangsa banjir | (…) | c. 27 Oktober |
| 19. | Sumpah Pemuda | (…) | d. jupukna |
| 20. | Pangkur, Durma, Kinanthi | (…) | e. dolanan |
| | | (…) | f. 28 Oktober |
| | | (…) | g. macapat |

***III. Isenana titik-titik ing ngisor iki nganggo tembung kang mathuk!***

21. … carane ngingu pitik kareben cepet gedhe?
22. Gus (cabut) paku kuwi! Tembung cabut sing bener yaiku ….
23. Pengetan dina Sumpah Pemuda minangka pepeling marang ….
24. Garwane Ki Ageng Pandhanaran yaiku ….
25. Sing nyambut gawe padha guyub … ora ana sing nggresula
26. Limbah … iku nuwuhake racun tumrap banyu segara.
27. Alas kang dibabati kanthi sakepenake bakal nuwuhake ….
28. Tandurane katon ijo ….
29. Untune krasa lara. Kedadeyan iku kedadeyan sing ….
30. Ing mangsa ketiga tandhon banyu ing oyot wit-witan padha nyumber dadi tuk kang bannget ***murakabi*** kanggo panguripan. Tembung murakabi tegese ….

# BANK SOAL KITA
# UH 1 SEMESTER 1 KELAS V
# MAPEL Bahasa Jawa

Wacanen kanthi permati!

**Program Pembauran**

Wewengkon Negara Republik Indonesia iku arupa pulo-pulo gedhe lan cilik kang maewu-ewu gunggunge. Sumebare pendhudhuk ing pulo-pulo iku ora rata, ana sing pating kremya lan saperangan jejel riyel, malah isih ana kang suwung brung during dienggoni pendhudhuk. Dene pulo kang pendhudhuke jejel riyel iku umpamane Pulo Jawa, Bali, lan Medura.

Sumebare pendhudhuk kang during rata iku bisa ndadekake pembauran pendhudhuk kanggo ningkatake persatuan lan kessatuan kang rancak lan ugu program-program pembangunan liyane. Ana pulo kang pendhudhuke jejel riyel adhakan tuwuh kahanan kang ora prayoga. Kosok baline pulo kang pendhudhuke sethithik njalari pembangunan rendhet amarga kurang tenaga lan kakehan sing diolah ora keconggah.

Pamarintah tanggap banjur ngadani program transmigrasi, yaiku mboyong pendhudhuk saka Pulo Jawa, Bali, utawa Medura menyang Sumatra, Kalimantan, Sulawesi, lsp. Transmigrasi mono duwe ancas tujuan yaiku :

1. Ngratakake sumebare pendhudhuk
2. Ningkatake program pembauran pendhudhuk
3. Ningkatake panguripane pendhudhuk
4. Ningkatake persatuan lan kesatuan Bangsa Indonesia

***I. Wenehana tanda ping (x) ing aksara a, b, c, utawa d kang dadi wangsulan kang kok anggep paling bener!***

1. Pindhahing pendhudhuk saka desa menyang kutha kanggo golek panguripan diarani ….
   a. transmigrasi c. remigrasi
   b. urbanisasi d. imigrasi
2. Ing ngisor iki pulo-pulo kang dadi papan jujugan transmigrasi, kajaba ….
   a. Jawa c. Sulawesi
   b. Sumatra d. Kalimantan
3. Warga kang nindakake transmigrasi iku disebut ….
   a. transmigran c. migrant
   b. urban d. emigrant
4. Cacahe pendhudhuk ing Pulo Jawa lan Bali wis padha jejel riyel. Jejel riyel tegese ….
   a. arang-arang c. pating kremya
   b. sithik banget d. akeh banget
5. Pindhahing pendhudhuk saka pulo kang padhet pendhudhuke menyang pulo kanga rang pendhudhuke diarani ….
   a. remigrasi c. transmigrasi
   b. emigrasi d. urbanisasi
6. Pulo kang pendhudhuke luwih saka 70% yaiku ….
   a. Sumatra c. Irian
   b. Kalimantan d. Jawa
7. Amrih kassembadan program transmigrasi dibutuhake transmigran kang ….
   a. kesed c. jiriih
   b. wekel ing gawe d. gampang nnglokro
8. (1) Dheweke sregep sinau bijine rapot apik-apik
   (2) Sawise nampa rapot, Ibnu prei seminggu
   (3) Ibnu iku pranyata bocah pinter
   (4) Preinan semester iku Ibnu ora lunga kaya adat saben
   (5) Ibnu mbiyantu wong tuwane reresik pekarangan kanggo "warung hidup"
   Ukara-ukara ing dhuwur supaya dadi paragraf kang becik mula urutane ….
   a. 1 – 2 – 3 – 4 – 5 c. 3 – 1 – 2 – 4 – 5
   b. 2 – 1 -3 – 5 – 4 d. 3 – 2 – 4 – 1 – 5
9. Wonten kersa punapa madosi bapak? Tembung kersa ing ukara iku tegese ….
   a. apa c. tujuwan
   b. karep d. butuh
10. Nalika lair Werkudara awujud ….
    a. bungkus c. gajah
    b. raseksa d. dewa

***II. Gathukna wangsulan ing sisih kiwa nganggo cara nulis aksarane ana ing njero kurung sing kog anggep bener!***

16. Laire bungkus (…) a. urbanisasi
17. Pindhahe pendhudhuk saka desa menyang kutha (…) b. ala
18. Nglalekake paseduluran (…) c. bima
19. Kukune Werkudara (…) d. becik
20. Pindhahing pendhudhuk saka papan kebak pendhudhuke menyang papan sing isih arang pendhudhuke (…) e. pancanaka
    f. janaka
    g. transmigrasi

***III. Isenana titik-titik ing ngisor iki nganggo tembung kang mathuk!***

21. Yen ana wong kulanuwun prayogane dijawab ….
22. Transmigrasi iku wis dadi programe ….
23. Tuna satak bathi sanak, ateges rugi bandha sithik ora dadi apa sing penting tambah ….
24. [ d s m w c r tulisan jawa iki yen ditulis latin unine ….
25. Aksara jawa iku cacahe ana ….
26. Bakri kae … sugih pangapura ora gampang nesu
27. Kang bisa mecah bungkuse Bima yaiku ….
28. Tamba teka lara ….

29. Banjir bandhang iku lumrahe amarga ….
30. Polahe anteng kitiran, tegese ….

**KUNCI JAWAB**

**BAHASA JAWA KELAS V**

**SEMESTER 1**

## Ulangan Harian I

I. Pilihan Ganda

| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 | 7 | 8 | 9 | 10 | 11 | 12 | 13 | 14 | 15 |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| c | a | b | d | a | b | d | a | b | d | a | c | a | c | a |

II. Menjodohkan

| 16 | 17 | 18 | 19 | 20 |
|---|---|---|---|---|
| c | a | e | b | f |

III. Isian singkat

21. Guwawijaya
22. Anoman
23. Taman Argaloka
24. tema
25. gawakake
26. Ibu ndhawuhi Aisah sinau
27. Seru/banter
28. Pandhu
29. Dhalang
30. Pringgodani

IV. Uraian

31. nemtokake tema
    Nyusun pokok karangan
    Ngembangake karangan
32. kawicaksanan guru
33. bu z h su s h
34. jujur, adil, alus bebudine
35. Bapak nembe maos Koran

## Ulangan Harian II

I. Pilihan Ganda

| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 | 7 | 8 | 9 | 10 | 11 | 12 | 13 | 14 | 15 |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| b | c | a | c | a | c | b | d | a | b | a | c | a | c | b |

II. Menjodohkan

| 16 | 17 | 18 | 19 | 20 |
|---|---|---|---|---|
| d | e | b | g | f |

III. Isian singkat

21. sregep
22. mencla mencle omongane
23. pendhidhikan
24. adol lenga
25. wanita
26. Radio
27. Putung
28. Ir. Soekarno
29. Pahlawan
30. kawentar

IV. Uraian

31. Ing ngarsa sung tuladha, Ing madya mangun karsa, Tut Wuri handayani
32. kawicaksanan guru
33. a. Bapak tindak dating kantor
    b. Ibu nnembe sare
34. gatel-gatel, watuk, pilek, weteng, demam berdarah
35. Buwang sampah ana panggonane
    Ora negori alas.

## Ulangan Harian III

I. Pilihan Ganda

| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 | 7 | 8 | 9 | 10 | 11 | 12 | 13 | 14 | 15 |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| c | b | a | d | a | d | b | c | d | a | c | a | c | b | a |

II. Menjodohkan

| 16 | 17 | 18 | 19 | 20 |
|---|---|---|---|---|
| d | a | b | f | g |

III. Isian Sisngkat

21. kepiye
22. cabuten
23. para mudha
24. Nyi Rambawati
25. rukun
26. Pabrik
27. Banjir
28. Royo-royo
29. Susah
30. Migunani

IV. Uraian

31. munggah kelas, lulus, lsp
32. kawicaksanan guru
33. kawicaksanan guru

34. Satu nusa, satu bangsa lan njunjung bahasa Indonesia
35. Minangka pepeling tumrap para mudha sing wis wani njenggelek tangi lan uga tumrap para mudha ing jaman saiki bisa nulad lan marisi gregete perjuangan para mudha ing tahun 1928-an.

**Ulangan Harian IV**

I. Pilihan Ganda

| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 | 7 | 8 | 9 | 10 | 11 | 12 | 13 | 14 | 15 |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| b | a | a | d | c | d | b | c | b | a | b | c | a | d | b |

II. Menjodohkan

| 16 | 17 | 18 | 19 | 20 |
|---|---|---|---|---|
| c | a | b | e | g |

III. Isian Singkat

21. mangga
22. pamarintah
23. sedulur
24. desa mawa cara
25. 20
26. Jembar segarane
27. Gajah sena
28. Lunga
29. Wit-witan ditegori/alas gundhul
30. Ora isa anteng

IV. Uraian

31. a. ngratakake sumebare pendhudhuk
    b. ningkatake program pembauran pendhudhuk
    c. ningkatake panguripane pendhudhuk
32. kawicaksanan guru
33. Tamune diaturi lenggah wonten kursi
34. negr mw tt
35. pindhahing pendhudhuk saka papan kang padhet pendhudhuke menyang papan kang isih arang pendhudhuke